

TRADHISI SUNGKEMAN WONTEN PATILASAN CEPURI PARANGKUSUMO DESA PARANGTRITIS KECAMATAN KRETEK KABUPATEN BANTUL

THE SUNGKEMAN TRADITION IN CEPURI PARANGKUSUMO RELIC PARANGTRITIS VILLAGE KRETEK DISTRIC BANTUL REGENCY

Dening: Umy Hasanah, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
umyhs14@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken mitos saha bula bukanipun tradhisi sungkeman, lampahing prosesi tradhisi sungkeman, sesaji saha *makna simbolik*-ipun ingkang dipunginakaken wonten ing tradhisi sungkeman, saha paedahipun tradhisi sungkeman tumrap masarakat panyengkuyungipun. Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif kualitatif*. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika ngginakaken *observasi berperan serta, wawancara kanthi mendalam, saha dokumentasi*. Pirantosipun panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu mawi *tape recorder, camera digital*, saha pirantos kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik analisis induktif*. Wondene caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi sumber saha metode*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) mitos saha mula bukanipun tradhisi sungkeman inggih menika: (a) mitosipun Patilasan Cepuri Parangkusumo inggih menika minangka papan patilasanipun Kanjeng Ratu Kidul saha Panembahan Senopati, saha (b) mula bukanipun tradhisi sungkeman inggih menika masarakat panyengkuyungipun nerasaken tradhisi ingkang sampun dipunadani saking jaman dumadosipun Kraton Mataram dening Panembahan Senopati nalika tapa kepanggih kaliyan Kanjeng Ratu Kidul; (2) lampahing prosesi tradhisi sungkeman kapanggihaken dados gangsal werni inggih menika sungkeman satunggal, sungkeman kalih, sungkeman tiga, sungkeman sakawan, saha sungkeman gangsal; (3) sesaji saha *makna simbolik*-ipun ingkang dipunginakaken ing salebeting tradhisi sungkeman inggih menika kangge mahyakaken raos sukur dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos supados masarakat panyengkuyungipun tansah piningan berkah kawilujengan, kasarasan, katentreman, saha piningan gampil anggenipun ngupadi rejeki ing gesangipun; (4) paedahipun tradhisi sungkeman tumrap masarakat panyengkuyungipun inggih menika: (a) paedah *spiritual*, (b) paedah ekonomi, (c) paedah sosial, saha (d) paedah kangge nglestantunaken tradhisi.

Pamijining tembung: tradhisi sungkeman, Patilasan Cepuri Parangkusumo

Abstract

This research is aimed to describe the myth and the beginning of sungkeman tradition, a procession of sungkeman tradition, ritual of offerings and symbolic meaning that is used in sungkeman tradition, along with the benefit of sungkeman tradition toward the community. This research used descriptive qualitative research. The data were collected by observing-participating, in-depth interviewing, and documenting. The instrument of this research were a tape recorder, a digital camera, dan stationaries. The data were analyzed by using an inductive analysis technique. The validity of the data was gained by using triangulation resource and methods. The research results showed that: the myth and the beginning of sungkeman tradition is: (a) the myth of Cepuri Parangkusumo relic is the memorium place of Kanjeng Ratu Kidul and Panembahan Senopati, and (b) the beginning of sungkeman tradition is the community who continued the first sungkeman tradition since the Mataram Kingdom built by Panembahan Senopati while he met Kanjeng Ratu Kidul. The procession of sungkeman tradition is divided into five section that are sungkeman one, two, three, four, and five. The symbolic meaning of the ritual of offerings that is used in sungkeman tradition is to say gratitude to God, so that the communities are given a blessing of health, peace, and ease to get luck. The function of Sungkeman tradition for its supporting community covers: (a) spiritual function; (b) economic function; (c) social function; and (d) preserving the tradition function.

PURWAKA

Masarakat Jawi menika masarakat ingkang boten saged uwal saking kabudayanipun. Salah satunggaling kabudayan ingkang taksih dipunugemi dening masarakat Jawi inggih menika

tradhisi *ziarah*. Ing cak-cakanipun, tradhisi *ziarah* kathah-kathahipun dipuntindakaken dening masarakat Jawi minangka wujud pakurmatan dhateng pasareyan tiyang ingkang sampun seda.

Ananging tradhisi *ziarah* ugi saged dipuntindakaken wonten ing *benda-benda* tetilaran utawi patilasan ingkang dipunanggep minangka wakiling para leluhur. Salah satunggaling papan patilasan kasebut inggih menika Patilasan Cepuri Parangkusumo ingkang dumunung wonten ing Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul. Ananging, juru kunci Patilasan Cepuri Parangkusumo boten ngeparengaken tradhisi ingkang dipuntindakaken para tamu menika dipunwastani tradhisi *ziarah*. Amargi patilasan menika dipunpitados patilasanipun Panembahan Senopati saha Kanjeng Ratu Kidul. Wondene, Kanjeng Ratu Kidul menika leluhur ingkang boten seda, nanging minangka ratu ingkang gesang satelasing jaman ing kraton seganten kidul. Pramila tradhisi ingkang dipuntindakaken para tamu wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo dipunwastani tradhisi sungkeman.

Tradhisi sungkeman dipuntindakaken dening masarakat panyengkuyungipun minangka wujud bekti dhateng para leluhur. Masarakat panyengkuyungipun pitados kaliyan *mitos* ingkang gayut kaliyan Patilasan Cepuri Parangkusumo. Patilasan Cepuri Parangkusumo dipunpitados minangka papan patilasanipun Panembahan Senopati kaliyan Kanjeng Ratu Kidul ingkang awujud sela. Sela ingkang ler dipunpitados minangka papan tapanipun Panembahan Senopati ingkang kagungan gegayuhan mbabad wana Mentaok kangge mbangun Kraton Mataram. Wondene sela ingkang kidul dipunpitados minangka papanipun Kanjeng Ratu Kidul nalika paring pambiyantu dhateng Panembahan Senopati. Awit saking *mitos* kasebut, masarakat

panyengkuyungipun taksih nindakaken tradhisi sungkeman ing Patilasan Cepuri Parangkusumo dumugi samenika. Tradhisi sungkeman dipuntindakaken dening para tamu kanthi ancas ngintun donga minangka wujud sukur, wujud kurmat saha ngalap berkah. Kajawi menika para tamu ugi gadhah ancas kangge kawigatosan pribadi kadosta ngindhakaken pangkat, pados padamelan, pados pelarisan anggenipun sesadeyan, lan sapiturutipun. Para tamu pitados bilih kanthi sungkeman menika saged pikantuk berkah kasarasan, katentreman, saha karaharjan tumrap ing gesanganipun.

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil prelu dipunwatesi supados prakawis-ingkang badhe karembag saged langkung mligi. Watesaning prakawis kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Mitos* saha mula bukanipun tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul.
2. Lampahing *prosesi* tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul.
3. Sesaji ingkang dipunginakaken saha *makna simbolik*-ipun ing tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul.
4. Paedahipun tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten

Bantul tumrap masarakat panyengkuyungipun.

GEGERAN TEORI

Wonten ing panaliten menika nalliti bab tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo. Miturut Langlois (lumantar Liliweri, 2014: 97) ngandharaken bilih tradhisi inggih menika satunggaling *ide*, kapitadosan, utawi tumindak saking satunggaling wekdal ingkang dipunwarisaken kanthi *simbolis* kanthi makna tartamtu tumrap satunggaling kelompok utawi masarakat. Ruslan saha Nugroho (2007: 6) ngandharaken bilih tembung *ziarah* katitik saking *etimologi-nipun* tegesipun *sowan* dhateng tiyang ingkang tasih gesang menapa dene ingkang sampun seda. Endraswara (2003: 195) ngandharaken bilih sesajen inggih menika wujud *aktualisasi* saking angen-angen, kekajengan, saha pangraosipun priyantun ingkang nindakaken supados saged langkung caket dhumateng Gusti Inggih Maha Kuwaos.

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo Desa Parangtritis, Kecamatan, Kabupaten Bantul menika ngginakaken panaliten *deskriptif kualitatif*. Bogdan saha Taylor (lumantar Moleong, 2013: 4) ngandharaken bilih panaliten *kualitatif* minangka lampahing panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* awujud tetembungan ingkang sinerat utawi lisan saking tiyang saha tumindakipun ingkang dipuntliti.

Setting Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi milih *setting* tradhisi sungkeman wonten ing

Patilasan Cepuri Parangkusumo, Dhusun Mancingan, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul ing dinten Kemis Kliwon saha Senin Wage wulan Januari 2018, saha dinten Kamis Legi wulan Februari 2018.

Data, Pirantining Panaliten, saha Caranipun Ngempalaken Data

Sumbering data wonten ing panaliten inggih menika *informan*. *Informan* inggih menika priyantun ingkang kagungan kawruh ingkang jangkep gayut kaliyan bab ingkang dipuntliti. Teknik ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken *informan* wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik snowball sampling*. Panaliti minangka *human instrument* anggenipun ngempalaken data mbetahaken pirantos pambiyantu, kadosta *tape recorder, camera digital*, lan pirantos kangge nyerat. Wondene caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik observasi berpartisipasi, wawancara secara mendalam, saha studi dokumentasi*.

Caranipun Nganalisis Data

Caranipun ngolah data ing panaliten menika inggih menika ngginakaken *analisis induktif*. Panaliten menika ngginakaken kalih *teknik triangulasi* inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

ASILING PANALITEN

1. Mitos saha Mula Bukanipun Tradhisi Sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo

a. Mitos Patilasan Cepuri Parangkusumo

Mitos-ipun Patilasan Cepuri Parangkusumo inggih menika minangka papan patilasanipun Panembahan Senopati nalika kepanggih kaliyan

Kanjeng Ratu Kidul. Papan patilasan menika rumiyin kangge tapa Panembahan Senopati ingkang kagungan gegayuhan mbabad kraton Mataram ing alas Mentaok. Gegayuhan menika saged kasembadan awit pambiyantunipun Kanjeng Ratu Kidul. Papan patilasan menika awujud sela kalih ingkang sisih ler patilasanipun Panembahan Senopati, dene ingkang sisih kidul menika patilasanipun Kanjeng Ratu Kidul.

b. Mula Bukanipun Tradhisi Sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo

Mula bukanipun tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo, Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul dipunwiwiti dening para leluhur ing jaman rumiyin. Sareng kaliyan dumadosipun Kraton Mataram ingkang sepisan. Masarakat panyengkuyung nglestantunaken tradhisi sungkeman awit pitados kaliyan *mitos* ingkang ngrembaka bilih Patilasan Cepuri Parangkusumo minangka papan patilasanipun Panembahan Senopati nalika tapa kapanggih kaliyan Kanjeng Ratu Kidul. Wonten ing patilasan kasebut Panembahan Senopati ingkang kagungan kersa mbabad Kraton Mataram saged kasembadan awit pambiyantunipun Kanjeng Ratu Kidul.

2. Lampahing Prosesi Tradhisi Sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo

Adhedhasar panaliten ingkang sampun kalampahan, lampahing *prosesi* tradhisi sungkeman Patilasan Cepuri Parangkusumo dipuntindakaken gumantung ujubipun para tamu piyambak-piyambak. Boten wonten paugeran ingkang baken gayut kaliyan lampahing tradhisi menika. Tradhisi sungkeman menika saged dipunpanggihaken dados

gangsals werni inggih menika Sungkeman I, Sungkeman II, Sungkeman III, Sungkeman IV, saha Sungkeman V ingkang badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Sungkeman I

1) Nyawisaken Sesaji

Wonten ing urutaning sungkeman I ingkang sapisan inggih menika nyawisaken sesaji. Sesaji menika dipuncawisaken saderengipun nindakaken tradhisi sungkeman Patilasan Cepuri Parangkusumo. Rombongan tamu menika mundhut sesaji ing saleripun wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumo. Sesaji menika awujud sekar saha dupa.

2) Sowan Juru Kunci

Sasampunipun nyawisaken sesaji, para tamu lajeng mlebet sowan juru kunci wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo saprelu ngaturaken niat saha ancasipun.

3) Sungkem wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo

Sasampunipun menika, rombongan tamu 1 lajeng nglajengaken sungkem wonten ing sela. Rombongan tamu 1 sungkem ing sela sisih ler. Anggenipun ndedonga dipunpangarsani dening priyantun kakung. Salajengipun nyekar lan nancepaken dupa ing siti.

4) Sungkem ing Seganten Kidul

Sasampunipun ndedonga, lajeng sekar ingkang sampun dipunbeta kala wau dipunlarung ing toya seganten. Salajengipun para tamu pados sekar kanthil ingkang wonten ing pinggiring seganten kidul.

b. Sungkeman II

1) Nyawisaken sesaji

Wonten ing urutaning sungkeman II ingkang sapisan inggih menika nyawisaken sesaji. Sesaji ingkang dipunbeta dening tamu II inggih menika sekar kaliyan dupa hio ingkang sampun dipunbeta saking dalem.

2) Sowan juru kunci

Sasampunipun mlebet Patilasan Cepuri Parangkusumo lajeng sowan juru kunci ingkang lenggah wonten ing ngriku inggih menika Mbah Warijo. Tamu 2 matur menapa ingkang dados ancasipun dhateng juru kunci. Salajengipun juru kunci ngaturaken donga rumiyin saderengipun rombongan tamu 2 sungkem piyambak wonten ing sela Patilasan Cepuri Parangkusumo.

3) Sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo

Sungkeman II ingkang dipuntindakaken dening rombongan tamu Bapak Sutrisna sasampunipun juru kunci ngaturaken donga inggih menika sami lenggah wonten ing sakidulipun sela ingkang sisih kidul. Rombongan tamu 2 ndedonga dipunpangarsani dening Bapak Sutrisna.

4) Sungkem ing Seganten Kidul

Sasampunipun dumugi pinggiring seganten rombongan tamu 2 menika ndedonga lajeng nglarung sekar ingkang sampun dipunbeta. Sasampunipun sekar menika dipunlarung, lajeng rombongan tamu 2 raup mawi toya seganten kidul. Sasampunipun raup, rombongan tamu 2 lajeng kondur.

c. Sungkeman III

1) Nyawisaken sesaji

Wonten ing urutaning sungkeman III ingkang sapisan inggih menika nyawisaken sesaji. Sesaji ingkang dipunbeta dening tamu 3 inggih menika sekar kaliyan dupa ratus ingkang

dipunpundhut saking wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumo.

2) Sowan juru kunci

Sasampunipun mlebet Patilasan Cepuri Parangkusumo, tamu 3 lajeng sowan juru kunci ingkang sampun lenggah ing salebeting patilasan. Bu Siti ngaturaken ancasipun nindakaken sungkeman lajeng juru kunci ingkang ngaturaken donga rumiyin saderengipun tamu 3 sungkem piyambak ing sela.

3) Sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo

Sepisan, tamu 3 sungkem wonten ing sela sisih ler kanthi donga lajeng nyekar, dipunlajengaken wonten ing sela sisih kidulipun kanthi ndedonga miturut kapitadosanipun piyambak lajeng nyekar. Sasampunipun rampung anggenipun sungkem wonten ing sela ler saha kidul Patilasan Cepuri Parangkusumo, tamu 3 lajeng kondur.

d. Sungkeman IV

1) Nyawisaken sesaji

Urutaning sungkeman IV ingkang sapisan inggih menika nyawisaken sesaji. Sesaji ingkang dipunbeta dening tamu 4 inggih menika sekar saha dupa kerucut ingkang sampun dipunbeta saking dalemipun boten mundhut saking wewengkon patilasan ingkang sadayan sekar.

2) Sowan juru kunci

Sasampunipun mlebet patilasan, tamu 4 lajeng sowan juru kunci saprelu ngaturaken ancasipun nindakaken tradhisi sungkeman. Tamu 4 sowan Bapak Suka Triyono kangge ngaturaken ancasipun. Pak Suka Triyono lajeng ngaturaken donga saha mbesem dupa.

3) Sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo

Tamu 4 lajeng dzikiran lan dedonga wonten ing sela ler dipunlajengaken nabur sekar. Sasampunipun sungkem wonten ing sela sisih ler, tamu 4 nglajengaken sungkem wonten sela ing sisih kidulipun.

4) Sungkem ing seganten kidul

Dumugi pinggir seganten, tamu 4 lajeng lenggah madhep mengidul. Piyambakipun tirakat kanthi ndedonga, dzikir kanthi pribadi. Piyambakipun sami tirakat saprelu ngresiki badan lan supados pikantuk berkahipun Allah SWT lumantar Kanjeng Ratu Kidul.

e. Sungkeman V

1) Nyawisaken sesaji

Urutaning sungkeman V ingkang sapisan inggih menika nyawisaken sesaji. Sesaji ingkang dipunbeta inggih menika sekar kaliyan menyan ingkang dipunpundhut saking wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumo. Sesaji menika dipunginakaken minangka sarananing nindakaken tradhisi sungkeman.

2) Wudhu

Saderengipun mlebet ing Patilasan Cepuri Parangkusumo, tamu menika wudhu rumiyin wonten ing mesjid wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumo supados suci saking *hadast*.

3) Sowan juru kunci

Sasampunipun wudhu lajeng mlebet Patilasan Cepuri Parangkusumo. Tamu konjuk atur dhateng juru kunci ingkang saweg njagi lan ngaturaken ancasipun tamu nindakaken tradhisi sungkeman.

4) Sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo

Tamu ndedonga wonten ing sela salebeting Patilasan Cepuri Parangkusumo. Donga-donga

ingkang dipunaturaken para tamu gumantung kapitadosanipun piyambak-piyambak.

Sasampunipun ndedonga lajeng nyekar ing sela patilasanipun Kanjeng Ratu Kidul saha Kanjeng Panembahan Senopati.

5) Sungkem ing Seganten Kidul

Sasampunipun sungkem wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo lajeng tumuju dhateng seganten kidul. Pasipun jam 12 ndalu kungkum ing seganten kidul. Anggenipun kungkum menika wonten ing seganten kidul, sakidulipun Patilasan Cepuri Parangkusumo. Anggenipun lengser saking seganten menika ndherek dhawhipun Kanjeng Ratu Kidul lumantar pangandikanipun.

3. Sesaji saha Makna Simbolikipun Tradhisi Sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo

Sesaji ingkang dipunginakaken kangge tradhisi sungkeman patilasan Cepuri Parangkusumo inggih menika sekar telon saha dupa. *Makna simbolik* sesaji ingkang dipunginakaken ing tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo kaandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Sekar Telon

Sekar telon inggih menika salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing tradhisi sungkeman. Sekar telon inggih menika sekar ingkang cacahipun tigang warni. Sekar telon ing tradhisi menika arupi sekar mawar, kanthil, saha kenanga. Sekar telon ingkang awujud tigang warni menika ngewrat teges piyambak-piyambak. Nama sekar ngewrat teges kados dene sekar kanthil ingkang warnipun pethak minangka pralambang raos tresna asih, tegesipun kanthi laku utawi

kumanthil-kanthil tingkah lakunipun ingkang boten pedhot. Sekar kenanga tegesipun keneng-a utawi *mengenang* utawi ngemut-emut Gusti Allah SWT, para leluhur ing penggalih manungsa kedah eling lan waspada ing gesangipun. Sekar mawar ngewrat teges tulus saha kekajengan. Mawar minangka pralambang kekajengan donya. Mawar tegesipun mawi arsa, ingkang gadhah makna menapa kemawon ingkang dipuntindakaken kaliyan raos tulus boten pamrih, satemah sadayanipun dados awar-awar ben tawar.

b. Dupa lan sajinisipun

Wewangian inggih menika salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing tradhisi sungkeman Patilasan Cepuri Parangkusumo. Wewangian menika saged awujud dupa lan sajinisipun. Jinisipun dupa menika wonten maneka warni, kadosta dupa ratus, dupa hio, dupa kerucut, dupa lingkar, dupa rokok, ugi menyan. Sadaya menika ancasipun sami inggih menika minangka pralambang kangge nglantaraken donga ingkang dipunaturaken supados dumugi dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos.

4. Paedahipun Tradhisi Sungkeman tumrap Masarakat Panyengkuyungipun

a. Paedah *Spiritual*

1) Tradhisi Sungkeman minangka Sarananing Pakurmatan dhateng Para Leluhur

Tradhisi sungkeman minangka sarananing pakurmatan dhateng para leluhur minangka salah satunggalingipun paedah *spiritual* wonten ing tradhisi sungkeman Patilasan Cepuri Parangkusumo. Paedah menika gegayutan kaliyan masarakat panyengkuyungipun ingkang tansah ngurmati para leluhuripun inggih menika Panembahan Senopati saha Kanjeng Ratu Kidul.

2) Tradhisi Sungkeman minangka Sarananing Ngalap Berkah

Ngalap berkah inggih menika sarananing mendhet donga pangestunipun Gusti Inggang Maha Kuwaos lumantar para leluhuripun. Para tamu ingkang nindakaken tradhisi sungkeman gadhah ancas ingkang beda-beda. Salah satunggaling ancas kasebut inggih menika ngalap berkah, kados ta berkah kawilujengan, katentreman, kabagaswarasan, kasekten, saha rejeki.

3) Tradhisi Sungkeman minangka Sarananing Nyaketaken Dhiri Dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos

Tradhisi sungkeman dipuntindakaken dening para tamu minangka sarananing nyaketaken dhiri dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Tradhisi sungkeman dipunlampahi amargi kanthi nindakaken tradhisi menika para tamu langkung tenang saha khusuk anggenipun ndedonga. Kajawi ndedonga wonten ing salebeting Patilasan Cepuri Parangkusumo, tradhisi sungkeman dipuntindakaken wonten ing seganten kidul, inggih menika kanthi tirakat saha dzikir wonten ing sapinggiring seganten kidul.

b. Paedah Ekonomi

Para tamu ingkang nindakaken tradhisi sungkeman menika saged ngindhakaken asiling pangupa jiwaniipun masarakat wonten ing wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumo. Pangupa jiwaniipun warga masarakat sakiwa tengenipun Patilasan Cepuri Parangkusumo menika umumipun sami sadayan saha parkir. Kajawi menika wonten ing sakiwa tengenipun patilasan ugi kathah ingkang kagungan penginapan saha *toilet umum*. Masarakat tamtu pikantuk asiling pangupa

jiwa ingkang langkung kathah awit saking para tamu nindakaken tradhisi sungkeman kasebut.

c. Paedah Sosial

Tradhisi sungkeman wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo ngewrat paedah *sosial* inggih menika saged nuwuhaken pasedherekan tumrap masarakat panyengkuyungipun. Antawisipun pasedherekan para juru kunci, masarakat sakiwatengenipun wewengkon Patilasan Cepuri Parangkusumosaha para tamu ingkang nindakaken tradhisi sungkeman.

d. Paedah kangge Nglestantunaken Tradhisi

Paedah nglestantunaken tradhisi inggih menika mujudaken satunggaling upiya kangge nglestantunaken tradhisi tilaranipun para leluhur satemah saged dipunlajengaken dening putra wayah supados kabudayan Jawi boten ical.

PANUTUP

1. Mula bukanipun tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo dipunwiwiti dening para leluhur jaman rumiyin wiwit dumadosipun Kraton Mataram. Masarakat panyengkuyung nglestantunaken tradhisi sungkeman awit pitados kaliyan *mitos* ingkang ngrembaka bilih Patilasan Cepuri Parangkusumo minangka papan patilasanipun Panembahan Senopati nalika tapa kapanggih kaliyan Kanjeng Ratu Kidul. Wonten ing patilasan kasebut Panembahan Senopati ingkang kagungan kersa mbabad Kraton Mataram saged kasembadan awit pambiyantunipun Kanjeng Ratu Kidul.
2. Tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo kalampahan saben dinten

dening masarakat panyengkuyungipun. Wondene dinten ingkang rame piyambak inggih menika malem Jumuwah Kliwon saha malem Selasa Kliwon amargi dinten menika dipunanggen dinten ingkang sakral kangge ndedonga. Lampahing tradhisi sungkeman dipunlampahi saged ngginakaken sesaji ugi saged boten ngginakaken sesaji. Manawi ngginakaken sesaji inggih menika sekar saha wewangian ingkang awujud dupa lan sajinisipun. Lampahing *prosesi* tradhisi sungkeman saged kapanggihaken dados gangsal warni inggih menika: (a) sungkeman I: nyawisaken sesaji, sowan juru kunci, sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo, sungkem ing seganten kidul kanthi nglarung sekar saha pados sekar kanthil; (b) sungkeman II: nyawisaken sesaji, sowan juru kunci, sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo, sungkem ing seganten kidul kanthi nglarung sekar; (c) sungkeman III: nyawisaken sesaji, sowan juru kunci, sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo; (d) sungkeman IV: nyawisaken sesaji, sowan juru kunci, sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo, sungkem ing seganten kidul kanthi tirakat; (e) sungkeman V: nyawisaken sesaji, wudhu, sowan juru kunci, sungkem ing Patilasan Cepuri Parangkusumo, sungkem ing seganten kidul kanthi kungkum.

3. Tradhisi ingkang dipunlampahi dening masarakat Jawi ngginakaken sesaji tartamtu. Sesaji menika ngewrat makna simbolik tartamtu ugi. Sesaji saha makna simbolik sesaji wonten ing tradhisi sungkeman Patilasan Cepuri Parangkusumo inggih menika.

a. Sekar telon

Sekar telon awujud sekar mawar, kanthil, saha kenanga minangka pralambanging ganda arum supados anggenipun nindakaken tradhisi sungkeman menika kalampahan kanthi sae kadosdene lampahipun para leluhur. Tansah eling anggenipun ndedonga dhumateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos kanthi lantaran Kanjeng Ratu Kidul saha Kanjeng Panembahan Senopati. Kajawi menika, supados anggenipun ndedonga dhumateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos langkung khusuk awit saking ganda arum saking sekar menika.

b. Dupa lan sajinisipun

Dupa lan sajinisipun minangka sarana kangge nglantaraken donga. Wewangian ingkgang dipunbesem ndadosaken donga ingkgang dipunaturaken saged dumugi dhumateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos lumantar kukusing wewangian kasebut.

4. Paedahipun nindakaken tradhisi sungkeman wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo inggih menika kaperang dados sekawan. Sekawan paedahipun tradhisi sungkeman inggih menika paedah *spiritual*, paedah ekonomi, paedah sosial saha paedah nglestantunaken tradhisi. Paedah *spiritual* inggih menika kaperang dados tiga inggih menika tradhisi sungkeman minangka pakurmatan dhateng para leluhur, minangka sarana ngalap berkah, saha minangka sarana nyaketaken dhiri dhumateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos. Paedah ekonomi inggih menika pangupa jiwaniipun warga masarakat langkung kathah amargi para tamu markiraken

kendaraan-ipun wonten ing sakiwa tengenipun patilasan saha kathah ingkgang sami mundhut unjukan saha dhaharan wonten ing wande sakiwa tengenipun Patilasan Cepuri Parangkusumo. Kajawi menika, tradhisi sungkeman ugi mindhakaken pangupa jiwaniipun para juru kunci. Paedah sosial inggih menika minangka sarana sesrawungan antawisipun para tamu, juru kunci, saha warga masarakat satemah saged ngraketaken *silaturahmi* tumrap masarakat panyengkuyungipun. Wondene paedah nglestantunaken tradhisi inggih menika mujudaken satunggaling upiya kangge nglestantunaken tradhisi tilaraniipun para leluhur satemah saged dipunlajengaken dening putra wayah supados kabudayan Jawi boten ical.

Pamrayogi

Wontenipun tradhisi sungkeman wonten Patilasan Cepuri Parangkusumo Desa Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul menika dados *simbol* wisata budaya tumrap masarakat, nanging amargi ewah gingsiring jaman ingkgang sarwi modern, tradhisi sungkeman saged ical. Pramila saking menika prelu upiya kangge nglestantunaken tradhisi kasebut. Wondene panaliti mrayogekaken wontenipun tradhisi sungkeman prelu dipundamel buku, ing pangangkah saged dipundadosaken minangka sumbangan data kangge nambah seserepan babagan tradhisi sungkeman wonten ing Patilasan Cepuri Parangkusumo menika. Kajawi menika, saged ugi dipunginakaken kangge promosi wisata budaya wonten ing Kabupaten Bantul.

KAPUSTAKAN

- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi.
- Liliweri, Alo. 2014. *Pengantar Studi Kebudayaan*. Bandung: Penerbit Nusa Media.
- Moleong, Lexy J. 2013. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Ruslan dan Arifin Surya Nugroho. 2007. *Ziarah Wali: Wisata Spiritual Sepanjang Masa*. Yogyakarta: Pustaka Timur.
- TIM. 2017. *Supleman Pedoman Tugas Akhir TAS/TAKS/TABS*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.